

MACHE AK PREKOSYON

Moun ki ekri atik sa a se Doktè Julia Belkowitz MD, Susan Uhlhorn PhD, Steve Dearwater MS ak Gillian Hotz PhD ki nan Inivèsite sa a " University of Miami Miller School of Medicine".

Chak ane, apeprè 230 timoun ki gen mwens pase 14 an mouri oubyen yo entène lopital poutèt machin frape yo pandan yo apye. Frakti sa yo se yo ki pi komen pou timoun nan kominote nou an.

Gen anpil danje nan afè travèse lari, sitou pou timoun piti. Pesonn pa dwe kite timoun ki gen mwens pase 10 an travèse lari poukont yo. Trase bon egzanp pou w montre pitit ou kouman pou l mache nan lari ak prekosyon epi pou l suiv règleman sa yo:

- Mache sou twotwa yo. Si pa gen twotwa, mache sou bò kote machin ap vin anfas ou, kon sa w ap ka wè sa k ap vin sou wou.
- Janbe lari kote ki fèt pou sa oubyen kote yo fè pou moun travèse lari.
- Toujou kanpe sou twotwa bò lari a anvan ou kòmanse travèse lari a.
- Si gen yon bagay ki anpeche w wè lari a, tankou yon pye bwa oubyen yon machin ki estasyon, poko janbe la ri a kote sa a. Parèt pwent tèt ou pou w ka wè tout lari a byen pou wè si pa gen machin k ap vini.
- Anvan w travèse lari, gade agoch, gade adwat epi gade agoch ankò pou w sèten pa gen machin k ap vini.
- Mache pou w travèse lari a, pa kouri. Kontinye ap gade agoch epi adwat pandan w ap travèse lari a.
- Lè w al mache, mete rad ki briyan oubyen rad ki gen koulè ki klere kon sa chofè ka wè w pi byen.

Si w bezwen plis ransèyman sou prekosyon moun dwe pran lè y ap mache nan lari, kontakte biwo pwogram "Walk Safe" la nan 305-243-8115 oubyen telephone biwo "Injury Free Coalition for Kids of Miami" nan 305-243-8838.



-Ale nan bibliyotèk katye w la pou tcheke liv, aktivite ki genyen ak refleksyon ki pou ankouraje pitit ou nan lekti ak ekriti. Pou kab jwenn bibliyotèk ki tou pre w, rele nan nimewo 305-375-2665 oswa ale nan sit wèb sa a: www.mdpls.org

Fason pou evite timoun nwaye: Toujou voye je sou timoun yo

Moun ki ekri atik sa a se Doktè Joseph J. Chiaro, sekretè adjwen Sèvis medikal pou timoun nan Depatman Sante Florid.

Mak* te yon bèl timoun ki te renmen jwe anpil, li te prèske gen 3 an. Li te soti ak papa li pou jounen an. Lè Mak retounen lakay li, papa l te panse li tandè misye antre nan kay la. Manman Mak menm ki te okipe ap fè manje, te kwè Mak te rete nan lakou a pandan papa l ap voye je sou li. Gran frè ak gran sè Mak yo te okipe nan pwòp zafè pa yo. Mak gen tan al flannen bò pisin dèyè kay la jouk li rive nwaye anba dlo a pi vit pase tan sa pran pou yon moun prepare yon tas kafe.

Sa pran yon ti kras tan sèlman pou yo jwenn Mak anba dlo a nan pisin nan. Manman l ak papa l fè mouvman reanimasyon kadyo sou li jan yo te kapab. Letan pou Mak rive lopital, kè l tonbe bat byen fèb epi li pat kab respire pou kont li. Mak pase de semèn lopital nan depatman swen entansif pou timoun. Mak pat mouri, men li pa janm pale ankò, li pa kab manje pou kont li ni li pa janm aprann lase soulye li. Li pa janm ale lekòl. Li pase tout vi li tankou yon timoun 6 mwa. Ventan apre, Mak mouri ak youn nan enfeksyon respiratwa ki tap enfekte li pandan tout vi li.

Laflorid se yon eta ki gen anpil anpil lak ak pisin epi li gen dlo toutotou li; poutèt sa, pami tout eta nan peyi a, se li ki gen plis timoun laj 1 a 4 an ki mouri nwaye. Gen yon biwo nan Depatman sante Eta Florid la ki rele "Office of Injury Prevention", (Biwo pou anpeche domaj). Biwo sa a ap lanse yon kanpay ki rele: "Keep Your Eyes on the Kids" (Toujou voye je sou timoun yo), pou anpeche timoun mouri nwaye. Kanpay la ap chache patnè nan sektè piblik ak nan sektè prive a, l ap chache paran, moun k ap gade timoun, gadri, pedyat ak doktè ki fè medsin famiyal, pou yo konsidere afè evite timoun mouri nwaye a kòm travay tout kominote a. Pwogram nan mande granmoun yo pou yo pran angajman sa a ki rele "Water Watcher Pledge" (Angajman pou nou siveye dlo yo), epi pou yo toujou:

1. Veye timoun yo tout tan lè yo nan dlo oubyen lè yo bò dlo epi pou yo pa kite yo ale twò lwen.
2. Bay yon lòt granmoun pote ansèy Siveyan dlo a si premye siveyan an bezwen ale.
3. Gen ekipman sekouris, telefòn ak nimewo ajans sekou soulamen.
4. Take baryè, klete pòt sèvi ak alam, epi mete 2 obsatk oswa plis pou anpeche timoun ale nan pisin, nan basen masaj a dlo cho oswa nan nenpòt dlo.
5. Asire okenn timoun pa kab retounen nan dlo a san siveyan an pa okouran, lè yo fini ak aktivite yo tap mennen nan dlo a.

Ale sou sit wèb Dapman sante a www.doh.state.fl.us/workforce/injuryprevention, pou nou kab telechaje ti liv ann angle, an panyòl ak an kreyòl, ki pale de prevansyon kont nwayad. Nou kab enprime ansèy "Water Watcher" (Siveyan dlo) sou sit wèb òganizasyon Safe Kids la <http://www.usa.safekids.org/water/>.

Depatman sante a ankouraje tout paran yo pou chache leson natasyon ki bon pou laj pitit yo, pou yo aprann teknik reanimasyon kadyo pilmonè pou timoun ak tibebe epi sa ki pi enpòtan, pou yo " Toujou voye je sou timoun yo".


*yo chanje non timoun nan

Kiles ki vle gen yon abonman gratis?

Voy pati se a bay: The Early Childhood Initiative Foundation
3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129.

Non: _____ Telefon ou _____

Adres ou _____





Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lekòl

Meyè pwogram pou pitit ou se kapab yon pwogram apre lekòl

Kou lekòl lage, gen anpil timoun ki pa gen yon kote ki an sekirite pou yo ale. Epòk lè timoun te konn sot lekòl pou yo jwenn manman yo, gramè yo oubyen yon lòt fanmi ret nan kay avè yo ede yo ak devwa yo epi jwe avè yo, epòk sa a pase.



Pou jan sosyete nou an ap chanje rapid, ak paran k ap travay kounye a, plis timoun vin pa gen moun k ap voye je sou yo oubyen k ap pale avè yo lè yo rive lakay yo apre lekòl. Lè pa gen moun pou sipèvizè timoun yo, yo pase anpil tan ap gade televizyon, ap jwe jwèt videyo, ap tcheke entènèt -- ak anpil lòt bagay yo pa ta dwe fè.

Pwogram apre lekòl yo, kit se aktivite atistik yo fè, kit se aktivite akademik oswa aktivite espò, timoun yo nan yon anviwònman ki an sekirite pandan y ap montre yo kèk ladrès, y ap fè aktivite espòtif epi yo ede timoun ak etid yo. Timoun ki nan pwogram sa yo pi vit evite aktivite ki riske oubyen ki ilegal. Timoun sa yo pi vit fè pi bon nòt lekòl epi diplome lekòl segondè.

Manadjè Sant d a Roxy a, Ana Andreu di "Timoun yo briye," Sant sa a se yon òganizasyon ki pap travay pou fè lajan ki fè kou atistik pou timoun apre lekòl.

Andreu di li konn wè timoun ki timid ak timoun ki pa pwoche pre moun vin eveye apre yo patisipe nan kou dans ak teyat yo. Nan Sant Roxy, òganizasyon "The Children's Trust" finanse pwogram "Head Start to the Art" la, li bay apeprè 100 timoun bous pou yo patisipe nan pwogram nan. Nan pwogram sa a, timoun yo pran kou dans, balè, flamenko, hip-hop, jimnastik, teyat ak kou chante.

Abreu di, timoun yo vin sosyab anpil, yo kominike ak lòt timoun epi yo patisipe nan pèfòmans mizikal yo tou. Epi Abreu di tou, paran yo gen anpil rekonesans paske yo gen yon kote ki an sekirite pou yo mete pitit yo.

Gen yon pwogram apre lekòl nan Miami Lakes ki rele "Cool Kids Learn," se òganizasyon "Children's Trust" ki finanse li tou. Gen aprè 150 timoun nan pwogram sa a. Youn nan misyon pwogram nan se pou amelyore fason

timoun aprann. Pwogram nan se yon melanj aktivite akademik ak aktivite kiltirèl tankou dans, teyat epi jwe echèk.

DeAnna Stinson, direktè finans ak administrasyon pou pwogram sa a deklare "Timoun yo aprann reflechi, sitou nan jwèt echèk yo, yo aprann diferan fason yo kab bat moun y ap jwe avè yo a."

Nan pwogram apre lekòl Fondasyon tenis "Greater Miami Tennis Foundation" la, pami sa yo ta vle pou timoun yo aprann, gen disiplin, gen kouman pou yo dirije kòm lidè, epi gen kouman pou yo travay ansanm. Se òganizasyon "Children's Trust" ki finanse pwogram sa a. Gen apeprè 200 timoun ki patisipe nan pran leson tenis ak lòt aktivite pou aprann li ak ekri, ak kou konpitè, ak kou pou fè travay atistik nan Pak "Moore Park" nan nòd wès Miami.

Yo ankouraje timoun travay byen lekòl tou. Chak apremidi, yo pran inèd tan pou ede timoun ak devwa yo pandan konseye yo ap sipèvizè yo.

Bruce Carrington ki direktè pwogram nan di "Nou kreye yon kote ki pozitif. Pwofesè yo trase bon egzanp pou timoun yo. Tou sa yo aprann nan jwe tenis se ladrès ki ka itil yo jis lè yo pral antre nan inivèsite."

Nan mwa out sa a, pran yon ti tan pou w al enskri pitit ou nan yon pwogram apre lekòl. Children's trust ap finanse 100 pwogram apre lekòl nan kominote nou an, gen apeprè 15,000 timoun ki patisipe nan pwogram sa yo. Si w bezwen yon pwogram apre lekòl ki bon pou pitit ou nan katye lakay ou, telephone 211 se nimewo telefòn espesyal òganizasyon "The Children's Trust" la, oubyen al dèyè yon kopi ti liv ki gen lis pwogram pou timoun pandan ete ak pwogram apre lekòl, òganiza-

syon "The Children's Trust" prepare a. Ou kab jwenn ti liv sa a nan famasi CVS ki nan zòn ou an nan Miami-Dade.

Men kèk konsèy sou kouman ou ka chwazi yon pwogram apre lekòl pou pitit ou:

Al vizite pwogram nan. Anvan w chwazi yon pwogram apre lekòl, al vizite kote a. Pwogram ki pèmèt paran vin vizite nenpòt lè nan jounen an se ladan yo pou paran ta mete pitit yo. Mache anndan an, pale ak moun ki travay la yo, obsève aktivite k ap fèt yo. Make sa ou wè. Èske kote a gen ase espas? Èske gen ase pwofesè? Èske gen ekipman ki bon pou timoun aprann epi èske yo alèz?

Konnen ki moun pitit ou ye. Antan paran timoun nan se wou ki pou konnen pèsonalite li ak sa l pi renmen fè. Èske l ta pi renmen jwe foutbòl oubyen jwe echèk? Lè w mete pitit ou nan yon pwogram apre lekòl ki travay sou talan timoun nan ak sa ki enterese li, sa ka fè timoun nan devlope plis epi li ka pi satisfè ak pwogram nan.

Pwoteksyon timoun pi enpòtan pase tout lòt bagay. Pwoteksyon timoun, dwe gen pi plis enpòtan nan tout pwogram. Anplwaye yo dwe toujou konnen ki lè pitit ou rive lekòl la ak ki lè li ale lakay li. Fò yo sèten moun ki vin chache yon timoun gen otorizasyon pou l pran timoun nan. Tcheke pou wè si yo make kote pou moun soti kite lokal la ak si gen estenktè pou dife nan tout anndan kote a.

Fè preparasyon siklòn pou timoun piti

Moun ki ekri atik sa a se Doktè Michelle Floyd ki nan "Miller School of Medicine" nan Inivèsite Miyami.

Ak sezon siklòn nan ki rive sou nou la a, nou dwe pran bon jan prekosyon pou nou pwoteje timoun piti nan kay nou. Men kèk bon konsèy sou preparasyon pou siklòn pou nenpòt kote ki bay timoun piti refij:

- 1. Panse a ki kote ou menm ak fanmi w prale lè nou kite kay la.** Asire w ou fè yon lòt moun konnen ki kote ou fè lide ale (sizoka telefòn pa mache).
- 2. Pale de ki bò pou w rankontre fanmi w sizoka gen yon ijans oswa si leta mande n kite kay la.** Paran yo dwe pale de sa ak pitit yo, epi yo dwe make ki kote pou yo rankontre a ansanm ak nimewo telefòn pou timoun yo rele paran yo. Bagay sa yo dwe make sou yon kat ki nan sakado timoun nan oswa nan valiz li.
- 3. Mete tout enfòmasyon enpòtan moun lakay ou nan yon bwat oswa**

nan yon anvlop, pou w ka mache ak yo si w oblije kite kay la; dokiman tankou:

- Papye ipotèk kay la oswa papye lwaye kay la.
- Kontra asirans.
- Papye asirans machin.
- Kopi lisans, kopi paspò, kopi kat sosyal, kopi viza.
- Lis medikaman ou menm ak pitit ou ap pran (make nan medikaman an, dòz nou dwe pran an ak ki lè nou dwe pran li).
- Lis pwoblèm sante ou genyen ak sa pitit ou genyen.
- Non ak nimewo telefòn doktè ou epi non ak nimewo telefòn doktè pitit ou.
- Kat vaksen pitit ou.

4. Pran pwovizyon ou ka bezwen ki tou pare yo.

- Yon galon dlo moun bwè pou chak moun nan kay la pou twa jou.
- Manje konsève pou twa jou. Pa pran manje ki twò sale.
- Manje tibebe (si w gen yon tibebe) oswa lèt an poud/lèt nan mamit pou pitit ou pou twa jou.
- Rad de rechanj pou chak moun nan fanmi an.
- Kouchèt ak bibon (si w ap bezwen sa).
- Flach.
- Pil de rechanj.
- Radyo (ki mache ak pil oswa ki kab rechaje).
- Balèn.
- Alimèt.
- Medikaman doktè preskri w ak sa yo preskri pitit ou pou omwen twa jou.
- Ekipman espesyal, tankou oksijèn

oswa aparèy pou kontwòle sik ak tansyon, ansanm ak nimewo telefòn konpayi ki fè aparèy sa yo.

- Valiz sekouris ki gen pansman, twal gaz, krèm antibyotik, Benadril, Tilenòl ak anti-septic pou netwaye.

- Liv oswa jwèt pou pitit ou.

Nou pa kab evite siklòn pa bò isit la nan sid Florid la, men nou kapab fè tout sa nou konnen pou nou prepare nou anvan yo rive. Pou plis enfòmasyon, kontakte liy dirèk 311 ki bay enfòmasyon sou siklòn.



Kwen atis: Kreye souvni ki vivan

Moun ki ekri atik sa a se Kristin Read ki nan Early Childhood Center Miami Children Museum nan.

Ete a fini, e menm souvni amizman nan solèy yo kòmanse ale. Men yon fason amizan pou rann souvni sa yo vivan ansanm ak pitit ou :

1. Vin ak papye ansanm ak kreyon desen. Ankouraje pitit ou ki nan laj preskolè pou l desine kèk moman li sonje nan ete a. Pitit ou ki pi piti a ka annik amize l ap fè majgridji ak divès koulè sou yon mòso papye. Pitit ou ki pi gran an gen dwa kapab fè desen ki pi klè. Fè aktivite sa a tounen yon pwojè amizan pou wou ak pitit ou.

2. Mande pi gran an pou l pran kreyon desen ki fè li sonje koulè li te wè pandan ete a. (Èske timoun ou yo sonje koulè ki gen nan lanati a : vèt pou zèb, ble pou lanmè ? Oswa èske y ap chwazi koulè ki montre ki jan ete a te ye, egzanp : wouj ak jòn pou chalè a ak limyè solèy la ?)
3. Ou kapab fè aktivite sa a al pi lwen toujou : ajoute bagay moun kapab santi anba men yo nan desen an. (Yon timoun ka chwazi pou l simen ti sèl pou reprezante sab la oswa pou l mete yon moso riban pou l ka reprezante yon kawotchou dlo nan jaden.)

4. Lè timoun nan fin fè desen an, mande l pou l pale w de sa li sot desinen an. Mande l pou l make yon deskripsyon nan do papye a. Pi gran an gen dwa di « Se yon solèy jòn. » Pou yon timoun ki piti, ki nan faz devlopman langaj, ou ta kapab di l : "Ou chwazi koulè jòn. M renmen koulè sa a tou!"

5. Rete reyalis nan sa ou ap atann de timoun nan, epi amize nou.

Lè w ap bay timoun piti materyèl desen, bat pou toujou gen siveyans granmoun epi ou dwe sèten materyèl sa yo bon pou laj timoun yo epi tou yo mache ak nivo devlopman yo.



Patisipe Nan ti Jounal sa a...

Voye: foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak publikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay: The Early Childhood Initiative Foundation
3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye jounal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6 (305-860-3000) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvizè pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami-Dade County (305-646-7220).

Edite ti jounal sa a se: Ana de Aguiar Echevarria (305-646-7230)

ba yo plis konesans



renmen yo plis

3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665